

TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA GKJ AMBARRUKMA

21 JUNI 2026

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

(Warni Liturgis: Ijem, Stola/Logo/Simbol : Prau+Peksi Dara+Pelangi)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori.

Sakderengipun pangibadah, Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.

2. **Liturgos** :

Liturgos : “Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Selikur Juni Kalih Ewu Nemlikur** (21 Juni 2026).

Sumangga kita sami atur uluk salam namaste utawi kanthi jawat asta kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Berkah kabingahan, karaharjan, saha tentrem rahayu tansah nyarengi kita sami.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi dening Gusti, ing Minggu kaping Sekawan sak sampunipun Pentakosta menika, lan raos syukur kebak pamuji saha suka bingah awit ing wekdal menika kita sami tansah binerkahan ing Gusti. Sumangga kita sami tansah nindakaken prekawis ingkang sae lan migunani tumrap sakiwa tengening kukuban. Pramila sesarengan kita nggegilut sabdanipun Gusti kanthi irah-irahan **“Bebadan Kristen minangka pangayom sakiwa-tengening Kukuban”**, badhe kaladosaken dening Ibu Pandhita Nugraheni Siwi Rumanti.

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pambuka ***Kidung Pasamuwan Jawi Kalih Likur, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 22 : 1 + 2), “Puji Konjuk Allah Rama”***
pasamuwan kasuwun jumeneng

- (1) Puji konjuk Allah Rama, puji konjuk Sang Putra
Puji konjuk Sang Roh Suci, tetiganya sawiji.
Haleluya! Haleluya! Tetiganya sawiji.

- (2) Pinuji Ratuning swarga, Gustiné pra manungsa,
nggih Ratuning pasamuwan, Ratu sumbering gesang.
Haléluya! Haléluya! Ratu sumbering gesang.

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar)

3. Votum tuwin Salam Karaharjan: *(Pasamuwan Jumeneng)*

Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pandhita : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, sadherek lan lare-lare sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : **5 7 | i . 5 7 | i . 5 4 | 3 . ||**
A - min, A - min, A - min.

(Liturgos : Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. Sabda Introitus

Lektor : Introitus kapethik saking: **Yeremia 20 : 13**

Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”

Pasamuwan : **“Puji sokur konjuk Gusti”**

- 5. Liturgos** : “ Pasamuwan ing tetunggalanipun Gusti Yesus. Gusti Allah inggih Gustinipun ingkang sarwa tumitah, ingkang ndadar tiyang ingkang leres, sarta nguningani batos lan manah. Pramila sumangga kita sami kepareng nyipati pamalesipun Gusti tumrap tiyang sanes, awit kita sampun masrahaken sadhengah prekawis dhumateng Gusti.

Sesarengan kita repenaken kidung pepujen, ***Kidung Pasamuwan Jawi Wolu Likur, pada Setunggal lan Tiga (KPJ 28 : 1 + 3), “Suci, Suci, Suci”***

(1) Suci, suci, suci pinuji Hyang suci.
Allah Mahamulya kang jumeneng Raja.
suci, suci, suci pinundhi Hyang Widi
titah sadaya memuji samnya

(3) Suci, suci, suci, Allah Mahasuci.
Gumuruhing kidung nggunggung-nggunggung Gusti.
Tetalesing bumi gonjing déning puji.
Pra makhluk wrata girang memuji.

6. Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : 1 Yokanan 4 : 20

“Manawa ana wong kang muni: “Aku tresna marang Gusti Allah,” mangka sengit marang sadulure, iku wong goroh. Awit wong kang ora tresna marang sadulure kang kasat mripat, kapriye anggone bisa tresna marang Gusti Allah kang ora katon?”

7. Pacawisan Pamratobat

Imam : “Pasamuwan kagunganipun Gusti. Gusti Allah Sang Rama paring pitedah supados kita sami nindakaken katresnan. Tresna dumateng Allah menika ugi tresna dumateng sesami.

Pramila sumangga sesarengan kita badhe nyawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat, kanthi memuji ***Kidung Pasamuwan Jawi Seket Setunggal, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 51 : 1 + 2), “Gusti Mugi Mirsani”***

- (1) Gusti mugi mirsani nggen kula kesrakatan.
Kula mlajeng mring pundi, namung dhateng Pangeran.
Nyuwun tulung, dhuh Allah mugi nglanting kawula
sing sagung karibedan, dimenpulih lejara.
- (2) Tan wonten pangauban, sèstu namung Paduka,
etuking pitulungan tumrap tyang kang nalangsa.
Yèn kegunturan sedhik miwah nandhang sangsara.
sinten kang nglipur malih, inggih namung Paduka.

8. Pandonga Pamratobat

Imam : “Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggil ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Puji panuwun sokur kawula aturaken ing ngarsa Paduka Gusti. Awit berkah sih kamulyan saha kamirahan Paduka tansah kababar ing gesang kawula saben dinten. Katitik, Paduka tansah nganthi lan nyarengi lampah gesang kawula kebak ing tentrem rahayu.

Ing pangibadah wekdal menika, kawula pasamuwan GKJ Ambarrukma kagungan Paduka. Gusti mugi mirsani nggen kula kesrakatan. Kawula nyuwun piwelas saha kamirahan saking Paduka mbirat sedaya dosa kawula. Keparenga kawula sami tansah nyuwun pangauban saking Paduka, etuking pitulungan tumrap kawula ingkang nalangsa. Nyuwun panganthi saha pepadhang ing Roh Suci nuntun lampah gesang kawula supados saget nglajengaken gesang lan netepi dhawuh timbalan Paduka nindakaken prekawis ingkang sae lan migunani tumrap sakiwa tengening kukuban kawula.

Linambaran sih katresnan saha rah kurbanipun Gusti Yesus Kristus ingkang seda sinalib Juruning wilujeng sejatos, kawula ndedonga. Amin.”

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat lan Pangatag-atag Gesang Anyar : Yeremia 20 : 11 - 12

“Nanging Sang Yehuwah nunggil kaliyan kawula kados sang prawira ingkang prakosa, pramila ingkang mbujeng kawula badhe kesandhung lan dhawah, lan boten saged nindakaken punapa-punapa. Sami badhe nandhang wirang sanget, amargi sami boten angsal damel; punika badhe dados kawirangan, ingkang salaminipun boten saged dipun supekaken!

Dhuh Sang Yehuwah, Gustinipun ingkang sarwa dumados, ingkang ndadar tiyang ingkang leres, sarta nguningani batos lan manah, keparenga kawula nyipati pamales Paduka dhateng para tiyang punika, amargi prakawis punika sampun kawula pasrahaken dhumateng Paduka.”

10. Kidung Kasanggeman

Liturgos : “Pasamuwan kagunganipun Gusti. Gusti Allah kita ingkang ndadar tiyang ingkang leres, sarta nguningani batos lan manah. Gusti piyambak ugi ingkang badhe paring pamales, awitdene kita sami sampun masrahaken sadhengah prakawis kita dumateng Panjenenganipun.

Sumangga sesarengan kita ugemi pangandikanipun Gusti lumantar pepujen **Kidung Pasamuwan Jawi Pitung Dasa Setunggal, pada Setunggal lan Sekawan (KPJ 71 : 1 + 4), “Duk Nyipati Gung Pakaryaning Gusti”** *pasamuwan kula aturi jumeneng*

(1) Duk nyipati gung pakaryaning Gusti
 lintang abyor ing dalu kang sepi,
 wah gumlegering gludhug ing akasa,
 kula ngungun gunging kamulyanta.

Refr:
 Nyawa kula gya sumyak sung puja,
 yekti Allah mahakwasa.
 Nyawa kula gya sumyak sung puja,
 yekti Allah mahakwasa.

(4) Klangkung ageng sih-katresnan Paduka, ingurbanken Sang Kristus, Kang Putra.
 sinangsara, séda tedhak naraka mrih manungsa basuki slaminya.....Refr:

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

11. Pisungsung Pepujen saking Siswa-siswi SD BOPKRI Demangan III kanthi judul: “Betapa Kita Tidak Bersyukur” lan “Aku Anak Terang”

12. Wedharing Sabdanipun Gusti (Pasamuwan Lenggah)

a) Pandhita : Pandonga Epiklese

b) Pandhita : maosaken Mateus 10 : 24 - 39

c) Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.

Pasamuwan : $\overline{1\ 1} \mid 3\ 3 \cdot \overline{3\ 3} \mid 5\ 5\ 0\ \overline{5\ 5} \mid 6 \cdot 5\ 4 \mid 3 \cdot \cdot$
 Hale - luya Hale - luya Hale - lu - ya

d) Pandhita : Paladosan Khotbah

e) Irah-irahan : **“Bebadan Kristen minangka Pangayom Sakiwa-tengening Kukuban”**

f) Ancas : Pasamuwan kaajak nindakaken prekawis ingkang sae lan migunani tumrap sakiwa tengening kukuban.

g) Wekdal Ening.

13. Pisungsiung

Imam : “Pasamuwan umat tebusanipun Sang Kristus Gusti. Berkahipun Gusti tansah linuber lumintu kababar ing gesang kita sami. Ing pangibadah menika, kita badhe nyaosaken pisungsiung dumataeng Gusti minangka cihnaning raos sokur kita.

Pisungsiung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsiung mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken.

Lan ingkang nersakaken caos pisungsiung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsiung kapethik saking kitab **Jabur bab Satus Sewelas ayat Satunggal (Jabur 111 : 1)** ingkang mekaten suraosipun:

“Haleluya! Pangeran Yehuwah arep dakcaosi pamuji sokur kalawan gumolonging atiku, ana ing pakumpulane para wong mursid lan ana ing pasamuwan.”

Kita aturaken pisungsiung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen ***Kidung Pasamuwan Jawi Satus Pitungdasa Tiga, pada Setunggal Dumugi Tiga (KPJ 173 : 1 - 3)*** ***“Mara Dha Aturna Pisungsiungmu”***

- (1) Mara dha aturna pisungsiungmu ing papan kang piniji;
muga dadi keparenge Gusti; minangka pangabektimu (2x)
- (2) Mangkya singkirna wassumelangmu, ginanti gumbiraning atimu;
rinengga niat kang warni-warni, pindha puspita megar nglam-lami.
- (3) Kalawan ati bungah menuhi, ing papan kang piniji.
muga dadi keparenge Gusti; mundhut kembang atimu.

14. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

15. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. *Pasamuwan kula suwun jumeneng*

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapunte ning dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

16. Pandhita : Paladosan Berkah

- 17. Liturgos :** “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun awit peladosanipun Ibu Pandhita Nugraheni Siwi Rumanti lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah Minggu punika, ugi pasamuwan ingkang rawuh lan nderek ing pangibadah.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita tansah mbudidaya supados saget nindakaken prekawis ingkang sae lan migunani tumrap sakiwa tengening kukuban.

Sesarengan kita pungkasi pangibadah punika kanthi repening ***Kidung Pasamuwan Jawi Tigang Atus Sekawan Dasa Enem A, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 346a : 1 + 2), “Ndedonga lan Makarya”***

- (1) Ndedonga lan makarya kanthi trusing driya,
mbabarken sihing Gusti mring sagung sesami,
murih tentrem raharja sumrambah sadonya.
Asmanya Kang Mamulya pinuji slaminya.
- (2) Ndedonga lan makarya kanthi sukarena,
martosken Injil suci wrata ing sabumi,
mrih sih rahmating Gusti tinampi sesami,
temah samya wilujeng sarta gesang langgeng.

- 18. Liturgos :** “Mekaten lampahing pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur, Gusti tansah paring berkah tumrap sadaya.”